**Pou Piblikasyon Imedya:** 07/09/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

# GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON MWA KOTE TO ENFEKSYON COVID-19 LA ANBA 1 POUSAN

***0,88 Pousan Tès yo Te Fè Yè pou COVID-19 yo te Pozitif***

***2 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè***

***SLA ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta a Vizite 1,064 Etablisman; Obsève 7 Etablisman ki Pa Konfòm***

***Konfime 520 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 440,021; gen nouvo ka nan 42 Konte***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a pandan yon mwa, oswa 31 jou, ke to enfeksyon pou COVID-19 Eta New York la te rete anba 1 pousan. Yè, 0.88 pousan tès yo te rapòte bay Eta a te pozitif. Kantite nouvo ka, pousantaj tès ki te pozitif ansanm ak anpil lòt pwen done itil toujou disponib nan forward.ny.gov.

"Gras ak travay di Nouyòkè yo, Eta nou an genyen kounye a yon mwa konplè kote to enfeksyon COVID nou an rete anba yon pousan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Chif nou yo kontinye rete estab menm lè nou ap atenn nouvo gwo etap nan re-ouvèti pa faz, ki baze sou done an. Pandan nou ap fèmen Wikenn Fèt Travay (Labor Day Weekend) sa a, mwen ankouraje chak moun pou rete entèlijan dekwa pou nou kapab kontinye selebre pwogrè nou an nan semèn ak mwa ki ap vini yo. Li te pran travay nou tout pou nou rive kote nou ye a, epi pou nou pwoteje pwogrè sa a nou pral bezwen kontinye lave men nou, pote mask, kenbe distans sosyal ak sitou rete New York solid (New York Tough)."

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta (State Police Task Force) te visite 1 064 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 7 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Brooklyn** - 1
- **Manhattan** - 1
- **Suffolk** - 5

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 413 (+3)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 49
- **Lopital Konte yo** - 33
- **Kantite ICU** - 115 (-4)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 57 (+1)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 75,471 (+46)
- **Kantite Lanmò** - 2
- **Kantite Lanmò Total** - 25,361

Sou 58,865 rezilta tès yo te rapòte nan Eta New York yè, 520 oswa 0,88 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| REJYON | VANDREDI | SAMDI | DIMANCH |
|---|---|---|---|
| Capital Region | 0.5% | 0.9% | 0.5% |
| Central New York | 0.7% | 0.8% | 1.1% |
| Finger Lakes | 0.6% | 0.7% | 0.7% |
| Long Island | 1.5% | 1.1% | 1.0% |
| Mid-Hudson | 1.1% | 0.9% | 1.2% |
| Mohawk Valley | 0.7% | 0.9% | 1.1% |
| New York City | 0.7% | 0.7% | 0.8% |
| North Country | 0.2% | 0.2% | 0.3% |
| Southern Tier | 0.2% | 0.5% | 0.4% |
| Western New York | 1.2% | 2.0% | 1.9% |

Gouvènè a te konfime tou 520 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 440,021 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 440,021 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|---|---|---|
| Albany | 2,833 | 2 |
| Allegany | 92 | 0 |
| Broome | 1,365 | 8 |
| Cattaraugus | 230 | 1 |
| Cayuga | 183 | 0 |
| Chautauqua | 476 | 1 |
| Chemung | 210 | 2 |
| Chenango | 235 | 0 |
| Clinton | 152 | 0 |
| Columbia | 576 | 1 |
| Cortland | 103 | 0 |
| Delaware | 124 | 1 |

| | | |
|---|---|---|
| Dutchess | 4,939 | 11 |
| Erie | 10,320 | 54 |
| Essex | 149 | 1 |
| Franklin | 59 | 0 |
| Fulton | 312 | 0 |
| Genesee | 302 | 1 |
| Greene | 314 | 0 |
| Hamilton | 14 | 0 |
| Herkimer | 308 | 0 |
| Jefferson | 156 | 2 |
| Lewis | 49 | 0 |
| Livingston | 189 | 0 |
| Madison | 475 | 1 |
| Monroe | 5,585 | 13 |
| Montgomery | 215 | 0 |
| Nassau | 45,229 | 36 |
| Niagara | 1,654 | 4 |
| NYC | 236,212 | 203 |
| Oneida | 2,305 | 3 |
| Onondaga | 3,993 | 10 |
| Ontario | 408 | 3 |
| Orange | 11,525 | 10 |
| Orleans | 315 | 1 |
| Oswego | 329 | 4 |
| Otsego | 285 | 17 |
| Putnam | 1,534 | 3 |
| Rensselaer | 860 | 1 |
| Rockland | 14,418 | 22 |
| Saratoga | 893 | 4 |
| Schenectady | 1,314 | 4 |
| Schoharie | 73 | 0 |
| Schuyler | 28 | 0 |
| Seneca | 102 | 0 |
| St. Lawrence | 297 | 1 |
| Steuben | 320 | 0 |
| Suffolk | 45,304 | 46 |
| Sullivan | 1,544 | 1 |
| Tioga | 214 | 2 |
| Tompkins | 339 | 7 |
| Ulster | 2,203 | 2 |

| | | |
|---|---|---|
| Warren | 326 | 0 |
| Washington | 270 | 0 |
| Wayne | 296 | 5 |
| Westchester | 37,277 | 31 |
| Wyoming | 127 | 1 |
| Yates | 62 | 0 |

Yè, te gen 2 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,361. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

| **Ka lanmò yo dapre konte rezidans** | |
|---|---|
| **Konte** | **Nouvo ka lanmò yo** |
| Bronx | 1 |
| Kings | 1 |

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU